Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого хур.
Инхоса ГIали-ХIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 19 (6955) 2 июнь 2025 с. Итни Зул-хIижа 1446 с. Багьа - эркенаб



БУХУЛЕБ БУГО ЦIУМУР

## Ахирисеб цIумур кьабиялда бан тадбирал

### ГIумру талихIаб кьеги

**Бакълъул мухъалъул МелъелтIа росдал гьоркьохъеб школалда цIалул сон лъугIиялда хурхун рохалилаб тадбир тIобитIана. Байрамалъулаб данделъиялда гIахьаллъи гьабуна муниципалитеталъул администрациялъул вакил ХIайбула ГIабдурахIмановас, мугIалимаз, умумуз ва цогидаз.**

Тадбиралда цIалулъ, батIи-батIиял къецазулъ, жамгIияб хIалтIулъ тIокIлъи бихьизабурал цIалдохъаби грамотабаздалъун кIодо гьаруна. Школа лъугьун гIумрудул нухде гали тIамулел цIалдохъабазе гьара-рахьи гьабуна ХIайбула ГIабдурахIмановас, цIалул идараялъул директор Эльмира МухIамадовалъ, умумуз ва цогидаз.

Гьарадирихъ школалдаги кьабуна ахирисеб цIумур 11-абилеб классалъул цIалдохъабазе. Школалъул директор Тайгин ГIумархIажиевас ва гьесул тарбия кьеялъул хIалтIул рахъалъ заместитель МухIамад МухIамадовас лъималазе гьарана сундулъго битIккей, унгоунгоял гIадамаллъун рахъин, гьунар тIокIал гражданиналлъун лъугьин.

Лъималаз рихьизаруна школалъул гIумруялдаса сценкаби ва баркала кьуна мугIалимазе щвараб лъаялъухъ. Ахирисеб цIумур кьабуна батIи-батIиял предметаздасан районалъул олимпиадабазда бергьарав, Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалъул 11-абилеб класс лъугIизабурав ГIусман Жамалудиновас ва тIоцебесеб классалъул цIалдохъан МухIамад МухIамадовас.




(Ахир-кIиабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



Гъалип Гъалипов: «ЧIиркьатIа консервазул завод хIлтIизе биччай – бакълъулазе кIудияб кумек»

- 2 стр.



ДРялъул Минтрудалъул министр Бакълъул мухъалде щвана

- 2 стр.



ТIолгороссиялъул библиотекаразул къо кIодо гьабуна

- 2- гьум.



Бувайсар Сайтиев ракIалдещвеялъул чуял риччай

-2- гьум.

СИЯСАТ

# Гъалип Гъалипов: «ЧIиркъатIа консервазул завод хIлтIизе биччай – бакълъулазе кIудияб кумек»

### Сергей Меликовасул ХитIабалда тIасан пикраби загьир гьаруна



**Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул нухмалъулесул заместитель, регионалияб политсоветалъул президиумалъул гIахьалчи, «Цогояб Россия» партиялъул регионалияб бутIаялъул секретарасул тIоцевесев заместитель СайгидахIмад АхIмедовас ва Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас ДРялъул бетIер Сергей Меликовасул ДРялъул НСялде гьабураб ХитIабалда рехсарал масъалаби тIураялъул бицана.**

Гьединго данделъиялда гьоркьоб лъуна Гумбет район хадубккунги цебетIезабиялъул суалал, СВОялъул гIахьалчагIазе ва гьезул гIагарлъиялъе кумек гьаби, росабазул Собраниязул депутатал рищи ва гь. ц.

Дагъистан Республикаялъул бетIер Сергей Меликовас ДРялъул Халкъияб Собраниялдехун гьабураб ХитIабалда тIасан пикрабиги загьир гьаруна гьез.

«Сергей Алимович Меликовас Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялде гьабураб ХитIабалда иргадулаб нухалда рорхана хIалуцарал суалал, гьел тIураялъ республикаялъул социалиябгун экономикияб ахIвал-хIал лъикIлъизабизе буго. Регионалъул бетIерас хIукуматалда тIадкъана ЧIиркъатIа букIараб консервазулаб завод цIигьабулезе кумек гьабеян.

Сергей Алимовичасул рагIабазда рекъон, араб сонална промышленностальъе квербакъиялъе пачалихъалъ биччан букIана 3 миллиар-



далдаса цIикIкIун гъурущ, гьездаго гьоркьоб федералияб субсидиялги. ЧIиркъатIа завод хIалтIизе цIидасан биччай – бакълъулазе кIудияб кумек буго», - ян абуна Гъалип Гъалиповас.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

СОЦИАЛИЯБ ХЪУЛУХЪ ТIУБАЙ

# ДРялъул Минтрудалъул нухмалъулев Бакълъул мухъалде щвана

### Суалазухъ, гIарзазухъ гIенеккана

Дагъистан Республикаялъул захIматалъул ва социалияб цебетIеялъул министр МухIамадзагьид Кихасуров араб анкьалъ Бакълъул мухъалде щвана. Халгъабуна бакълъулазул ругел суалазул. Гьединго тадбиралда гIахьаллъана муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповги.

Минтрудалъул нухмалъулесухъе жидерго рахIат хвезабун ругел суалалгун рачIана анлъго бакълъулав. Гьедин, лъимал гIемерай эбел, жиндир цояв вас СВОялъул мухъалда йигей ПатIимат ГIабдурахIмановалъ гьесда гьарана «Родительская слава» орденалъул медаль щвезе кумек гьабеян.

МухIамадзагьид Кихасуровас ГIабдурахIмановалъе бицана кандидатазул халгьабиялъул къагIидаялъул хIакъалъулъ ва рагIи кьуна гьелъул гIарзаялъул халгьабиялъул хIалтIиялда хадуб халкквезе. Районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповасги жиндирго хасаб хъаравуллъиялде босун букIана гьеб суал тIубай.

Гьоркь Инхо росдал бетIер ГIумарасхIаб Расуловас цIехрех гьабуна 2019-абилеб соналда гIадамазул мал-мулкалъе цIад баялъ гьабураб зарал бецIиялъул хIакъалъулъ.

«Гьединал ахIвал-хIалазда нижеда кIола гIицIго мал-



мулкалъе гьабураб зарал бецIизе. Дие бокьун букIана дуде хитIаб гьабизе росдал бетIер хIисабалда гIадамазда бичIчIизабеян рукъзал раялъул ихтиярал кьурал документал гьечIолъиялъ гьабулеб кванкваналъул. ХIажатал документал гьечIолъиялда бан, кумек щвечIого хутIула», - ян абуна министрас.

Гьелде тIадеги халгъабуна социалияб контракталъул кьучIалда пачалихъалъул кумек кьеялъул, лъел рогIоро ва ралъдал рагIаллъи цIуниялъул ва цогидал кIвар бугел суалазул.

Дагъистаналъул захIматалъул ва социалияб цебетIеялъул министерствоялъул хIалтIуда хурхарал цо-цо суалал бакIалдаго тIуразаруна, цогидал суалал росана отделалъул нухмалъулесул хасаб хъаравуллъиялде.

**Макка МухIамадова**

# Ахирисеб цIумур къабиялда бан тадбирал

**(Байбихьи- тIоцебесеб гьум.)**

ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалда, арал соназго гIадин, рекIее асар гьабулел церерахьинал рихьизаруруаб, берцинго гIуцIараб тадбир тIобитIана, 2024-2025-абилеб цIалул сон лъугIиялда бан. Гьеб байрамалде 9-абилеб классалъул цIалдохъаби рачIун рукIана миллияб ретIелги ретIун.

Данделъиялде рачIаралщиназда байрам баркана Бакълъул районалъул бетIерасул заместитель ГIалихан ДавудхIажиевас, бакълъулазул лъайкьеялъул идараялъул махщалилав ГIабдула МухIамадовас, чIиркъдерил бегавул МухIамадрасул МухIамадовас ва цогидаз. Гьеб школалъул цIалдохъабазеги тIубараб цIалул соналъ бахъараб хIаракаталъухъ шапакъатал щвана.

ЛъаратIисезул гьоркьохъеб школалдаги гIуцIана ахирисеб цIумур къабиялда бан рохалилаб линейка. Баркиялъулаб кIалъай гьабуна цIалул идраялъул нухмалъулев Шамил ХIусеновас. Гьес гьединго шапакъатал къуна лъикIал мугIалимзабазе ва цIалдохъабазе. Районалъул лъайкьеялъул вакил МуртазагIали Валиевас муниципалитеталъул тIалъиялъул рахъалдасан киназдаго баркана цIалул сон лъугIин.

Ахирисеб цIумур къабиялда хурхурал тадбирал тIоритIана Бакълъул районалъул Игьали, Килалъ, ТIад Инхо, Аргъвани, Гьоркь Инхо, ЧIикь ва цогидал росабалъги.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

ГIЕЛМУ – ХАЗИНА

# ТIолгороссиялъул библиотекаразул къо кIодо гьабуна

### ЦIалдолезул къадар цIикIкIаги

**2025-абилеб соналъул 27-абилеб маялда Россиялъул библиотекараз кIодо гьабуна жидерго профессионалияб байрам — ТIолгороссиялъул библиотекаялъул къо.**

Гьединго бакълъулазул районалдаги тIобитIана муниципалияб библиотекаразул хIурматалда тадбир. Гьелда гIахьаллъи гьабуна «Гумбетовский район» МРялъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас, районалъул маданиялъул ва библиотекабазул хъулухъалъул управлениялъул нухмалъулев Муса КъурамахIамадовас, администрациялъул, лъайкьеялъул вакилзабаз, муниципалитеталъул библиотекабазул системаялъул хIалтIухъабаз ва гь.ц.

Гьеб тадбиралда хIалтIулъ лъикIал хIасилал рихьизарурал библиотекаразе администрациялъул ва районалъул маданиялъул управлениялъул шапакъаталги къуна. Жиндирго кIалъаялда бакълъулазул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас абуна библиотекарал кколин лъай цIуниялъул хъаравулзаби.

«РакI-ракIалъ баркула районалъул киналго библиотекаразда гьезул профессионалияб байрам! Гьарула нужее щулияб сахлъи, сундулъго цебетIей. Биччанте нилъер муниципалитеталъул библиотекабазда рикIкIен гIемерал цIалдолел рукIине, тIахьазул кьимат гьабулел, цIаларалдаса пайда босулел гIадамазе ва тадбирал кьоидаса къойиде цIикIкIине», - ян абуна Гъалип Гъалиповас.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

СПОРТ

# Бувайсар Сайтиев ракIалдещвеялъул чуял риччай

### Къецал гIуцIизе Гъалип Гъалиповасги кумек гьабуна

**Хасавюрт районалъул Ахъсай росулъ тIоритIана Россиялъул спорталъул тарихалда гвангъараб лъалкI тарав, лъабго нухалъ Олимпиялъул чемпионлъун вахъарав Бувайсар Сайтиев ракIалдещвеялъул чуял риччаялъул къецал.**

Тадбир тIобитIана Ахъсай росдал бегавул Арслан ИсмагIиловасул ва гьеб росдал жамагIаталъул жигаралдалъун, Дагъистан Республикаялъул транспорталъулгун нухазул министрасул, Хасавюрт районалъул куратор Жамбулат Салавовасул ва гьеб районалъул бетIер Арсланбег ГIалибеговасул квербакъиялдалъун.

Гумбет районалъул бетIер Гъалип Гъалиповасул рахъалдасан жигараб гIахьаллъи гьабуна гьеб тадбиралда гьесул кумекчи, Ахъсай росулъа ГIалиасхIаб ГIабдулаевасги.

Гьес бакълъулазул нухмалъулесул рахъалдасан тадбиралъул гIахьалчагIаздехун саламалъулаб кIалъай ва гIарцулаб кумек гьабуна. Гьединго гIахьаллъана къецазулъ бергьаразе шапакъатал кьеялъулъ.

Чуял риччай унго-унгояб байрамлъун лъугьана росдал гIадамазе ва тадбиралде рачIарал гьалбадерие, гьел рекIаразда хадур кIудияб гьираялда ралагьана, гьезул махщалида хIайранлъана. Тадбир лъугьана гIицIго спортивияб къецлъун гуребги, росдал гIадамалги цогидал бакIаздаса рачIарал гьалбалги цолъизарулеб гвангъараб маданияб тадбирлъунги.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

ДОКУМЕНТЫ

# Собрание депутатов муниципального образования «Сельсовет “Мехельтинский”» за 2024 год

**Р Е Ш Е Н И Е**

от «10 » апреля 2025 г. № 4 с. Мехельта

## «Об утверждении отчета об исполнении бюджета МО «Сельсовет «Мехельтинский» за 2024 год»

**Руководствуясь Бюджетным кодексом Российской Федерации и Федеральным законом Российской Федерации от 06 октября 2003 года №131-ФЗ « Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Бюджетным Законодательством Республики Дагестан, Уставом АСП «Сельсовет «Мехельтинский», послушав доклад главы сельского поселения об исполнении бюджета МО «Сельсовет «Мехельтинский» за 2024 год Собрание депутатов:**

РЕШАЕТ:

1.Утвердить отчет об исполнении бюджета МО «Сельсовет Мехельтинский» Гумбетовского района за 2023 год:

- по доходам в сумме 12838900 тыс. рублей согласно приложении №1 к настоящему решению

- по расходам в сумме 12922400 тысяча рублей согласно приложении №2 к настоящему решению (источником финансирования дефицита бюджета 2024 года яв-ляется остаток бюджетных средств 01.01.2024 г - 436867 тыс.руб)

2. Настоящее решение вступает в силу с момента принятия и подлежит офици-ально-му опубликованию в районной газете «Гумбет»

**Председатель Собрания**
**А. Х. Рурухмаева**

**Приложение № 1 к решению Собрания депутатов сельского поселения «Сельсовет «Мехельтинский» от «10» апреля 2025 г. № 4**

### Доходы бюджета сельского поселения «Сельсовет «Мехельтинский» за 2024 год

**(тыс. руб.)**

| Наименование показателей | КОДЫ классификации доходов бюджетов | План на 2024 год | Фактически исполнено за 2024 год | % исполнения |
|---|---|---|---|---|
| Налог на доходы физических лиц | 18210102010011000110 | 1172,0 | 1215,0 | 103,7 |
| Налог на имущество физических лиц | 18210601030101000110 | 79,0 | 133,8 | 169,4 |
| Единый сельскозхоналог | 18210503010011000110 | 44,0 | | |
| Земельный налог ( пп1п1ст394) | 18210606033101000110 | 197,0 | 531,1 | 269,6 |
| Пения на земельный налог (пп1п1ст394) | 18210606033102100110 | | | |
| Земельный налог (пп2п1ст394) | 18210606043101000110 | 0,0 | 69,0 | ##### |
| Земельный налог до 01.01.2006г | 18210904053101000110 | | | |
| **ИТОГО СОБСТВЕННЫХ ДОХОДОВ** | | **1492,0** | **1948,9** | **130,6** |
| **БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ** | | **5845,0** | **5843,0** | **100,0** |
| **Дотация сельскому поселению из ФФПП** | **00120201001100000150** | **5426,0** | **5424,0** | **100,0** |
| **Субсидий в.т числе** | | **4696,0** | **4696,0** | **100,0** |
| *Субсидии бюджетам поселений на строительство модернизацию, ремонт и содержание автомобильных дорог общего пользования* | 00120220041100000150 | 2700,0 | 2700,0 | 100,0 |
| **Иные межбюджетные трансферты в т.ч.** средства *бюджетам поселений на выполнение переданных полномочий* | 00120204014100000150 | 1996,0 | 1996,0 | 100,0 |
| Реализация имущество | 00111402052100000410 | | **351,0** | |
| **Субвенций** | | **419,0** | **419,0** | **100,0** |
| | **в том числе** | | | |
| Выполнение полномочий по первичному воинскому учету на территориях, где отсуствуют военные комиссариаты (ВУС) | 00120203015100000150 | 419,0 | 419,0 | 100,0 |
| | | **0,0** | **0,0** | |
| **ВСЕГО ДОХОДОВ** | | **12033,0** | **######** | **106,7** |

**Приложение №2 к решению Собрания депутатов сельского поселения «Сельсовет Мехельтинский» за 2024 год от «10» апреля 2025 г. № 4**

### Исполнение бюджета по расходам сельского поселения «Сельсовет «Мехельтинский» за 2024 год

| Наименование | адм. | Рз | ПР | ЦСР | Лимит бюджетных обязательств на 2024год | Кассо - вые выплаты за 2024 год | % выпол-нения |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ВСЕГО | | | | | 11206,0 | 12922,4 | 115,3 |
| Общегосударственные вопросы | 001 | 01 | 00 | | 2916,0 | 2893,0 | 99,2 |

**(Продолжение - на 4 стр.)**

(Начало на -3 стр.)

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Функционирование Правительства РФ, высших исполнительных органов госуд.власти субъектов РФ, местных администраций | 001 | 01 | 04 | 9900010040 | 2916,0 | 2893,0 | 99,2 |
| Национальная оборона | 001 | 02 | 00 | | 419,0 | 419,0 | 100,0 |
| Мобилизация и вневойсковая подготовка (ВУС) | 001 | 02 | 03 | 9980051180 | 419,0 | 419,0 | 100,0 |
| Национальная экономика | 001 | 04 | 00 | | 987,4 | 987,4 | 100,0 |
| Дорожный фонд (возврат) | 001 | 04 | 09 | 9900040200 | 987,4 | 987,4 | 100,0 |
| Жилищно-коммунальное хозяйство | 001 | 05 | 00 | | 3585,3 | 5444,9 | 151,9 |
| Благоустройство | 001 | 05 | 03 | 9900040010 | 3585,3 | 5444,9 | 151,9 |
| | 001 | 04 | 09 | 1530020760 | 1400,0 | 1400,0 | 100,0 |
| Культура и кинематография | 001 | 08 | 00 | | 1614,0 | 1628,8 | 100,9 |
| Културно досуговый центр | 001 | 08 | 01 | 9900080010 | 1614,0 | 1628,8 | 100,9 |
| Социальная поллитика | 001 | 10 | 00 | | 83,0 | 21,0 | 25,3 |
| Пенсионное обеспечение (доплата к пенс) | 001 | 10 | 01 | 9900090010 | 83,0 | 21,0 | 25,3 |
| Физкультура и спорт | 001 | 11 | 02 | 9900090100 | 128,3 | 128,3 | 100,0 |
| Молодежная политика | 001 | 07 | 07 | 9900070050 | 73,0 | 0,0 | 0,0 |

# О своевременном заключении договоров на техобслуживание газового оборудования

**Газовики предупреждают: отсутствие договора о техническом обслуживании газового оборудования – основание для отключения газа!**

По гражданскому кодексу обязанность по содержанию газоиспользующего оборудования, возложена на владельца. Поэтому собственник должен содержать свое газовое имущество в исправном состоянии и своевременно проводить его техническое обслуживание. Для этого необходимо заключать договор на техническое обслуживание со специализированной организацией, а также неукоснительно обеспечивать доступ газовикам для проверки.

С недавнего времени в России бытовые газовые приборы подлежат техническому обслуживанию не реже 1 раза в 12 месяцев!

Важно знать: при отсутствии договора на техобслуживание поставщик газа в Дагестане – ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» – вправе приостановить газоснабжение, даже несмотря на своевременную оплату абонентами потребленного газа.

Регулярная проверка позволит своевременно выявить неисправности, провести ремонт и не допустить аварийных ситуаций.

За отказ в допуске газовиков законодательством РФ предусмотрены штрафы – на граждан в размере 5-10 тыс. рублей, должностных лиц – 25-100 тыс. рублей, юридических лиц – 200-500 тыс. рублей.Уважаемые потребители газа! Будьте крайне внимательны в обращении с газовыми приборами и соблюдайте правила использования газом в быту. Помните, что газовое оборудование нужно обслуживать своевременно. Не подвергайте опасности себя и своих соседей!




**Пресс-служба ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала»**

РИТМ ГУМБЕТА

# В селе Чирката бетонируют улицы за счет пожертвования меценатов

**В селе Чирката Гумбетовского района продолжается благоустройство улиц.**



Финансовые средства для проведения данной работы перечисляют благотворители из этого села. На предоставленном нам видеоролике чиркатинцы занимаются бетонированием очередной улицы. Глава администрации сельского поселения «Село Чирката» Магомедрасул Магомедов сам принял участие в облагораживании транспортных линий села. Руководство данного населённого пункта уделяет большое внимание всестороннему развитию поселения. Напомним, что под руководством главы Гумбетовского района Галипа Галипова в рамках республиканского проекта «Местные инициативы» на окраине села Чирката, у реки Андийское Койсу, была построена сигнальная башня с символикой района, Дагестана и всей России.

**РИО «Гумбет»**

# Мать погибшего участника СВО Шамиля Гаджимурадова передала в благотворительный фонд женсовета Гумбета денежные средства

**Мать Шамиля Гаджимурадова, отдавшего свою жизнь за Родину, из села Мехельта Гумбетовского района Умият Гаджимурадова передала денежные средства в благотворительный фонд «По зову сердца», функционирующий за счет личных вкладов членов Совета женщин Гумбета.**

По словам Гаджимурадовой, представители женсовета Гумбетовского района оказывают значительную помощь бойцам на передовой и их родным. «Военнослужащим СВО и их семьям представители власти Гумбетовского района, Совета женщин муниципалитета регулярно



оказывают помощь, уделяют пристальное внимание.

Всем неравнодушным хочу выразить искренние слова благодарности. О том, какую благую деятельность осуществляют представители женсовета района, я знаю не понаслышке. Простые труженицы Гумбета находят время, средства и силы для оказания внимания бойцам на передовой и их семьям. Не хотела оставаться в стороне, поэтому решила внести и свою лепту. Пусть наши доблестные защитники Отечества живыми и здоровыми вернутся домой», – отметила Умият Гаджимурадова.

**РИО «Гумбет»**

БетIерав редактор:
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь:
Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал:
Макка МухIамадова
Фотомухбир:
Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакъулъулазул нур» абурал цIаразда гъорль
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.